

Avi sou Pwosedri Pwoteksyon yo Obligatwa anba IDEA Pati B



CONNECTICUT STATE
DEPARTMENT OF EDUCATION

**Depatman Edikasyon Eta Connecticut Biwo
Edikasyon Espesyal**

Mas 2021

Avi sou Pwosedir Pwoteksyon yo Obligatwa anba IDEA Pati B

**Depatman Edikasyon Eta Connecticut Biwo
Edikasyon Espesyal**

Revize 31 Mas 2021

Depatman Edikasyon Eta Connecticut la angaje nan yon politik egalite opòtinite/aksyon pozitif pou tout moun ki kalifye yo. Depatman Edikasyon Eta Connecticut la pa fè diskriminasyon nan okenn pratik travay yo, pwogram edikasyon yo, oswa aktivite edikatif sou baz laj, zansèt, koulè, estati patwouy sivil ki fèt anlè, dosye kriminel (nan travay ak lisans leta), idantite oswa ekspresyon sèks, enfòmasyon jenetik, andikap entelektiyèl, andikap aprantisaj, sitiyasyon matrimonyal, andikap mantal (pase oswa prezan), orijin nasyonal, andikap fizik (ki gen ladan avèg), ras, kwayans relijye, vanjans pou diskriminasyon oswa kontrent ki te deja opoze, sèks (gwosès oswa asèlman seksyèl), oryantasyon seksyèl, estati ansyen konbatan oswa danje nan espas travay nan sistèm repwodiktif yo, sof si gen yon kalifikasyon pwofesyonèl otantik ki retire moun ki fè pati youn nan kategori ki pwoteje pi wo yo. Demann konsènan règleman sou nondiskriminasyon Depatman Edikasyon Eta Connecticut yo ta dwe al jwenn: Levy Gillespie; Kòdinatè Direktè Menm Opòtinite Travay/Lwa sou Ameriken Andikape yo (ADA); Depatman Edikasyon Eta Connecticut; 450 Columbus Boulevard, Suite 505; Hartford, CT 06103; 860-807-2071; Levy.Gillespie@ct.gov.

Kontni

Entwodiksyon	1
Enfòmasyon General	2
Konsantman Paran - Definisyon	4
Konsantman Paran	5
Evalyasyon Edikasyon Endepandan (IEE)	7
Konfidansyalite Enfòmasyon yo	9
Aksè ak Dosye yo	10
Pwosedi yo pou Plent Leta	14
Trètman Pwosedi Regilye yo	17
Pwosesis Rezolisyon	22
Medyasyon	24
Pwosesis Opinyon Konsiltatif	25
Desizyon Odyans	26
Apèl	27
Règ Konstriksyon	28
Plasman Timoun nan pandan Odyans sou Pwosesis Regilye a annatant	29
Frè Avoka yo	30
Pwosedi pou Disipline Timoun Andikape yo	32
Pwoteksyon pou Timoun ki Poko Elijib pou Benefisye Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye avèl yo	37
Referans ak Aksyon Fòs de Lòd yo ak Otorite Jidisyè yo	38
Kondisyon pou Plasman Inilateral paran Timoun yo nan Lekòl Prive yo	39

Entwodiksyon

Lwa pou Amelyorasyon Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA), lwa federal konsènan edikasyon elèv andikape yo, egzije lekòl yo pou yo ba w, antanke paran an, yon avi ki gen yon eksplikasyon konplè sou pwosedi pwoteksyon ki disponib anba IDEA ak enlematasyon règleman IDEA yo. Yo dwe ba w yon kopi avi sa a **yon fwa chak ane**; ak lè bagay sa yo rive:

- Premye fwa oumenm oswa distri eskolè an mande pou yon evalyasyon.
- Ou mande yon kopi pwosedi pwoteksyon sa yo.
- Premye fwa nan yon ane eskolè ou mande yon pwosedi odyans jistis oswa depoze yon plent nan leta.
- Yo pran yon desizyon pou pran yon aksyon disiplinè kont pitit ou a ki se yon chanjman plasman.

Avi sou pwosedi pwoteksyon an dwe gen ladann yon eksplikasyon konplè sou tout pwosedi pwoteksyon ki disponib dapre règleman ki aplike IDEA a, ki se sa ki vin apre yo:

- [34 CFR § 300.148](#): Plasman Inilatera
- [34 CFR § 300.151](#), [34 CFR § 300.152](#), ak [34 CFR § 300.153](#): Pwosedi yo pou Plent devan Leta
- [34 CFR § 300.9](#) ak [34 CFR § 300.300](#): Konsantman Paran
- [34 CFR § 300.502](#): Evalyasyon Edikasyon Endepandan
- [34 CFR § 300.503](#): Preavi Alekri
- [34 CFR § 300.505 jiska 34 CFR § 300.518](#): Lòt pwosedi pwoteksyon yo, (medyasyon, pwosesis rezolisyon, pwosedi odyans jistis san patipri)
- [34 CFR § 300.530 jiska 34 CFR § 300.536](#): Pwosedi Disiplin yo
- [34 CFR § 300.610 jiska 34 CFR § 300.625](#): Konfidansyalite enfòmasyon yo

Chak seksyon gen sitasyon federal la enprime avèk li; kote gen yon lwa oswa yon règleman yon eta ki kowenside ak egzijans federal yo, yo bay sitasyon eta a.

Si w gen nenpòt kesyon konsènan dokiman sa a, ou ka kontakte Biwo Edikasyon Espesyal la:

Depatman Edikasyon Eta Connecticut
Biwo Edikasyon Espesyal
P.O. Box 2219
Hartford, CT 06145-2219
Tel: 860-713-6910

Enfòmasyon General

Definisyon distri Eskolè

Jan yo itilize l nan dokiman sa a, "distri lekòl la" vle di yon konsèy edikasyon lokal oswa rejyonal, Sistèm Edikasyon Teknik ak Pwofesyonèl Connecticut, distri eskolè kontwole pa Depatman Koreksyon ak Depatman Timoun ak Fanmi yo, ansanm ak Depatman Sèvis Sante Mantal ak Toksikomani nan dispozisyon edikasyon regilye ak espesyal pou kliyan ki kalifye yo.

Preavi Alekri

[34 CFR § 300.503](#); Règlemantasyon Ajans Eta Connecticut yo ([RCSA](#)) § 10-76d-8 (a)

Ou gen dwa pou resevwa avi alekri pa pita pase 10 jou lekòl anvan ekip planifikasyon ak plasman (PPT) pwopoze, oswa refize, kòmanse oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon pitit ou a oswa bay yon pwogram gratis edikasyon piblik apwopriye (FAPE) pou pitit ou a. Yo rele sa preavi alekri.

Kontni Avi a

Avi alekri a dwe di w:

- egzakteman sa distri eskolè a pwopoze oswa refize fè;
- poukisa distri eskolè a pwopoze oswa refize fè aksyon;
- lòt opsyon PPT a te pale sou yo ak rezon ki fè sa yo pa t fè yo;
- sou chak pwosedi, evalyasyon, dosye oswa rapò ke PPT te itilize kòm baz pou aksyon yo pwopoze oswa refize;
- sou lòt faktè pètinan ki te gen rapò ak pwopozisyon oswa refi PPT a;
- ke ou gen pwoteksyon anba dispozisyon pwosedi pwoteksyon IDEA a;
- kijan ou kapab jwenn yon kopi pwosedi pwoteksyon sa yo; epi
- resous yo pou w kontakte pou w jwenn èd pou w konprann IDEA a anrapò ak pwovizyon edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak pitit ou a.

Avi nan Lang yo Konprann

Avi a dwe ekri nan yon fason ki ta dwe fasil pou li ak konprann epi jwenn li nan lang natif natal ou oswa nan yon lòt mwayen kominikasyon, sof si li klèman pa posib pou fè sa. Si lang natif natal ou oswa lòt mwayen kominikasyon se pa yon lang yo ekri, distri eskolè a dwe asire l:

- yo ba ou avi a oralman oswa yon lòt fason;
- ou konprann sak nan avi a; epi
- gen prèv ekri ki montre tou de mezi sa yo te pran.

Imèl Elektwonik

[34 CFR § 300.505](#)

Ou ka chwazi pou resevwa dokiman sa yo pa imèl si opsyon sa a disponib nan distri eskolè ou a: preavi alekri, avi sou pwosedè pwoteksyon ak avi ki gen rapò ak yon odyans pou jistis.

Konsantman Parantal — Definisyon

[34 CFR § 300.9](#)

Konsantman Vle Di:

1. Yo te enfòmè w konplètman nan lang natif natal ou oswa nan yon lòt mwayen komunikasyon sou aksyon yo mande w pou bay konsantman an.
2. Ou konprann epi ou dakò alekri pou kite distri eskolè a fè aksyon y ap mande konsantman w lan. Konsantman an dekri aksyon sa a epi si yo dwe voye dosye lekòl yo bay yon moun, distri eskolè a di w ki dosye yo pral voye a ak ki moun yo pral voye dosye yo bay.
3. Ou konprann ke ou vle bay konsantman epi ou kapab retire konsantman ou nenpòt ki lè. Si w vle retire konsantman w, ou dwe fè sa alekri. Si distri eskolè a mande konsantman epi ou pa reponn a distri eskolè a nan 10 jou lekòl, distri eskolè a pral pran sa kòm si ou pa bay konsantman ou. Si w retire konsantman w, retrè a pa afekte aksyon yo te pran oswa sèvis yo te bay pitit ou a pandan tan distri eskolè a te gen konsantman w lan. Distri eskolè a pa oblije chanje dosye edikasyon pitit ou a pou retire nenpòt referans ke pitit ou a te resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye avèl apre ou te retire konsantman ou.

Lè yon timoun gen 18 an, timoun nan gen tout dwa paran yo te genyen anvan. Yon timoun pap jwenn dwa sa yo si tribinal la te di timoun nan pa kapab deside yon fason ki bon pou timoun nan. Distri eskolè a dwe bay timoun nan ak paran an nenpòt avi ki egzije dapre lalwa, menmsi timoun nan ta gen dwa paran an te geyen kounye a. Lè yo pase dwa paran an bay timoun nan, distri eskolè a dwe notifie timoun nan ak paran an sou transfè dwa yo.

Konsantman Paran

[34 CFR § 300.300](#); [RCSA § 10-76d-8](#)

Konsantman pou Evalyasyon Inisyale

[34 CFR § 300.300](#)

yo fè yon evalyasyon inisyale (tès) pou chèche konnen si yon timoun se yon timoun ki gen yon andikap epi ki kalite ak kantite sèvis edikasyon espesyal yon timoun bezwen. Distri eskolè ou a pa kapab fè yon evalyasyon inisyale pou pitit ou a pou detèmine si pitit ou a elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye avèl yo san li pa ba w yon avi alekri davans sou evalyasyon yo pwopoze a epi si li pa jwenn konsantman w jan sa dekri pi wo a.

Konsantman ou pou evalyasyon inisyale la pa vle di ke ou te bay konsantman w tou pou distri eskolè a kòmanse bay pitit ou edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye avèl yo.

Si w pa reponn yon demann distri eskolè a pou bay konsantman pou fè yon evalyasyon inisyale, reevalyasyon, oswa pou resevwa edikasyon inisyale espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sèvis sa yo nan entèval 10 jou apati dat yo voye avi a ba w la, pral entèprete kòm yon refi konsantman.

Si pitit ou a enskri nan lekòl piblik, oswa w ap chèche enskri pitit ou a nan yon lekòl piblik, epi ou te refize bay konsantman oswa ou pat reponn a yon demann pou bay konsantman pou evalyasyon inisyale pitit ou a, distri eskolè ou a ka, men li pa oblije, chèche fè yon evalyasyon inisyale pitit ou a lè l sèvi avèk medyasyon IDEA a oswa pwosedi odyans jistis san patipri yo. Distri eskolè ou a p ap vyole obligasyon li genyen pou lokalize, idantifye ak evalye pitit ou a si li pa pouswiv yon evalyasyon pitit ou a nan sikonstans sa yo.

Règ Espesyal yo pou Evalyasyon Inisyale Espas Leta yo

Lè yon distri eskolè ap chèche evalye yon elèv pou premye fwa, epi elèv la se sou pwoteksyon Komisè Depatman Timoun ak Fanmi epi li pa abite ak paran l, distri eskolè a pa oblije jwenn konsantman nan men paran an pou detèmine si elèv la gen yon andikap epi si li bezwen sèvis edikasyon espesyal si:

1. Apre efò rezonab, distri eskolè a pa kapab konnen ki kote paran an ye;
2. Tribinal la te sispann dwa paran an; oswa
3. Yon jij te deside ke dwa paran an pou pran desizyon sou edikasyon timoun nan se yon moun ki nome pa tribinal la ki pou pran yo.

Nan sitiyasyon sa yo, paran ranplasan an ta dwe bay konsantman pou evalyasyon an.

Konsantman pou Resevwa Sèvis Inisyale yo

Distri eskolè ou a dwe jwenn konsantman yo te enfòmè w la anvan yo bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye avèl yo pou premye fwa. Si ou pa reponn oswa refize bay konsantman pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avèl yo, oswa si pidevan ou retire konsantman ou pou pitit ou a resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye avèl yo alekri, distri lekòl ou a pap kapab sèvi ak pwosedi pwoteksyon yo. (medyasyon oswa odyans jistis) pou jwenn yon akò oswa pou jwenn yon desizyon ki ka bay pitit ou sèvis san konsantman w. Nan sikonstans sa yo, distri lekòl la pa tap vyole responsablite li genyen pou mete FAPE disponib pou pitit ou a epi li pa oblije fè yon reyinyon PPT oswa devlope yon pwogram edikasyon endividyèl (IEP) pou pitit ou a.

Si w retire konsantman w alekri nenpòt moman apre yo fin bay pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki konsène yo, alò distri eskolè a ka pa kontinye bay sèvis sa yo men li dwe ba w yon avi alekri anvan w sispann sèvis yo.

Konsantman pou Reevalyasyon yo

Distri lekòl ou a dwe jwenn konsantman ou alekri anvan li reevalye pitit ou a. Si w pa reponn yon demann distri eskolè a pou bay konsantman pou reevalye pitit ou a nan espas 10 jou lekòl apati dat yo voye avi a ba ou a, y ap entèprete w pa reponn lan kòm yon refi pou w dakò pou reevalyasyon an.

Dokimantasyon Efò Rezonab yo pou Jwenn Konsantman Paran yo

Nenpòt lè distri eskolè a mande konsantman w, distri eskolè a dwe gen yon dosye sou efò rezonab li fè pou jwenn pèmisyon w. Dosye sa ka gen ladanl:

- apèl telefonik yo te eseye oswa te fè ak rezilta apèl sa yo; epi
- kopi lèt yo te voye ba ou yo ak nenpòt lèt ou te voye tounen bay distri eskolè a.

Lòt Kondisyon Konsantman yo

Konsantman w pa nesesè anvan distri eskolè a:

- revize dosye yo ki deja egziste sou pitit ou ke distri eskolè a deja genyen lè distri eskolè a ap evalye oswa reevalye pitit ou a;
- bay yon tès oswa lòt mwayen evalyasyon yo bay tout timoun sof si distri eskolè a jwenn pèmisyon nan men tout paran yo anvan yo bay yon tès oswa lòt mwayen evalyasyon; oswa
- mete pitit ou a nan yon lekòl prive.

Si distri eskolè a mande yon odyans sou pwosedi jistis (gade [Demach Pwosedi Jistis yo](#)) pou detèmine si li ka fè yon evalyasyon pitit ou a epi ofisye odyans lan decide an favè distri eskolè a, distri eskolè a ka evalye pitit ou a san konsantman ou. Si ou pa dakò ak desizyon ofisye odyans lan, ou gendwa ale nan Tribinal Siperyè Leta a oswa Tribinal Distri Federal la pou anpeche distri lekòl la evalye pitit ou a. Si ou pa dakò ak yon desizyon pou mete pitit ou a nan yon lekòl prive, ou ka ranpli demann pou yon odyans jistis pou detèmine plasman ki apwopriye a, oswa ou ka retire konsantman pou bay tout edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avèl yo pou pitit ou a.

Evalyasyon Edikasyon Endepandan (IEE)

[34 CFR § 300.502; RCSA § 10-76d-9\(a\)](#)

Jeneral

Si ou pa dakò ak yon evalyasyon ke yon distri eskolè te jwenn, ou gen dwa pou mande distri eskolè a peye pou yon evalyasyon ki fè pa yon egzaminatè ki pa anplwaye pa distri eskolè a. Yo rele sa yon Evalyasyon Edikasyon Endepandan (IEE) ki fèt nan depans piblik. Fòk ou pa dakò ak evalyasyon pitit ou a distri eskolè a te jwenn yon fason pou kapab mande yon IEE nan depans piblik. “Depans Piblik” vle di distri eskolè a swa peye pou tout pri IEE a oswa asire ke yo bay evalyasyon an gratis pou ou.

Distri eskolè a ka mande w pou rezon ki fè w opoze ak evalyasyon distri eskolè a te jwenn lan. Ou pa oblije eksplike poukisa ou pa dakò ak evalyasyon distri eskolè a jwenn. Distri eskolè a gendwa pa mande yon eksplikasyon epi li pa gendwa pran reta san rezon pou bay IEE a sou depans piblik oswa depeze yon odyans jistis pou defann evalyasyon pitit ou a pa distri eskolè a.

Si w mande yon IEE nan depans piblik, distri eskolè a dwe ba w enfòmasyon sou ki kote ou ka jwenn yon IEE ak sou kritè distri eskolè a ki aplike pou evalyasyon edikasyon endepandan.

Dwa a yon IEE nan depans piblik

Ou gen dwa a yon evalyasyon edikasyon endepandan pitit ou a nan depans piblik si ou pa dakò ak yon evalyasyon pitit ou a distri eskolè a jwenn, dapre kondisyon sa yo:

1. Si w mande yon IEE pou pitit ou nan depans piblik, distri eskolè w la dwe, san reta initil, swa:
(a) mande yon odyans sou pwosedi jistis pou montre ke evalyasyon pitit ou a apwopriye oswa evalyasyon endepandan an pa satisfè kritè distri eskolè a; oswa (b) bay yon IEE nan depans piblik.
2. Si ofisye odyans lan deside evalyasyon distri eskolè a apwopriye, alò distri eskolè a pa oblije peye pou evalyasyon ou te mande a oswa te fè aranjman pou li a. Sepandan, ou toujou gen dwa pou fè yon IEE sou pwòp depans pa w.
3. Ou gen dwa pou yon sèl IEE nan depans distri eskolè a chak fwa distri eskolè a fè yon evalyasyon ke ou pa dakò.

IEE ki se Inisyativ Paran yo

Ou gen dwa pou w jwenn yon IEE sou pwòp depans ou. Ou ka bay distri eskolè a rezilta evalyasyon an. Si w pataje rezilta evalyasyon an ak distri eskolè a, distri eskolè a dwe konsidere rezilta evalyasyon an, si li konfòm ak kritè distri eskolè a pou IEE yo, nan nenpòt desizyon yo pran konsènan dispozisyon FAPE pou pitit ou a epi rezilta evalyasyon yo kapab itilize nan yon odyans pwosedi pou jistis.

Demann pou Evalyasyon pa Ofisye Odyans yo

Yon ofisye odyans kapab bay lòd pou yon timoun resevwa yon IEE. Distri eskolè a dwe peye pou evalyasyon sa a.

Kritè Distri Eskolè a

Lè distri eskolè a peye pou yon IEE, evalyasyon an dwe reponn ak estanda pou evalyasyon distri eskolè a itilize yo. Sa gen ladanl kote evalyasyon an fèt la ak konpetans moun k ap fè evalyasyon an. Distri eskolè a gendwa pa fikse lòt estanda oswa dat limit pou IEE yo nan depans piblik. Nòm distri eskolè yo pa dwe entèfere nan dwa w genyen pou w jwenn yon IEE nan depans piblik.

Konfidansyalite Enfòmasyon yo

Definisyon

[34 CFR § 300.611](#)

Jan yo itilize anba tit la, Konfidansyalite Enfòmasyon yo:

Destriksyon vle di destriksyon fizik oswa retire idantifyan pèsònèl yo nan enfòmasyon yo pou enfòmasyon yo pa kapab idantifye pèsònèlman ankò.

Dosye edikasyon vle di ki kalite dosye ki kouvri anba definisyon "dosye edikasyon" nan 34 CFR Pati 99 (règleman ki mete ann aplikasyon Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite (FERPA) 1974, 20 USC 1232g).d

Pèsònèlman idatifyab ([34 CFR § 300.32](#)) vle di enfòmasyon ki gen ladann:

- non pitit ou a, non w kòm paran an, oswa non yon lòt manm fanmi an;
- adrès pitit ou a;
- yon idantifyan pèsònèl, tankou nimewo sekirite sosyal pitit ou a oswa nimewo etidyan; oswa
- yon lis karakteristik pèsònèl oswa lòt enfòmasyon ki ta dwe ka fè li posib pou idantifye pitit ou a rezonableman klè.

Avi pou Paran yo

[34 CFR § 300.612](#)

Eta w la dwe ba w yon avi ki adehwa pou l enfòmasyon w koplètman sou konfidansyalite enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman, tankou:

1. Yon deskripsyon de ki pwen yo bay avi a nan lang natif natal divès gwoup popilasyon nan leta a; yon deskripsyon timoun yo genyen enfòmasyon sou yo ki idantifye moun pèsònèlman yo konsève, ki kalite enfòmasyon yo chèche, metòd leta gen entansyon itilize pou rasanble enfòmasyon yo (ki gen ladan sous yo jwenn enfòmasyon yo), ak itilizasyon yap fè ak enfòmasyon yo.
2. Yon rezime règleman ak pwosedi ajans k ap patisipe yo dwe swiv konsènan estokaj, divilgasyon bay nenpòt lòt moun, konsève, ak destriksyon enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman.
3. Yon deskripsyon tout dwa paran yo ak timoun yo konsènan enfòmasyon sa yo, gen ladanl dwa yo anba FERPA.

Anvan nenpòt gwo aktivite pou idantifye, lokalize, oswa evalye timoun ki bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak li yo (li rele tou "jwenn timoun" [34 CFR § 300.111](#)), avi a dwe pibliye oswa anonse nan journal oswa lòt medya, oswa toude, avèk yon difizyon adekwa pou notifiye paran yo.

Aksè a Dosye yo

Dwa Daksè yo

[34 CFR § 300.613](#); [RSCA § 10-76d-18](#)

Distri eskolè a dwe pèmèt ou enspekte ak revize tout dosye edikasyon distrik eskolè a kenbe oswa itilize ke distri eskolè ou a kolekte, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a. Sa vle di ou gen dwa pou revize ak enspekte tout dosye edikasyon konsènan idantifikasyon pitit ou a kòm yon timoun ki elijib pou edikasyon espesyal, evalyasyon pitit ou a pou detèmine kalifikasyon pou edikasyon espesyal, plasman edikasyon pitit ou a oswa dwa pitit ou a genyen nan FAPE lè demann ou an fèt alekri.

[Seksyon 10-76d-18 Règleman Ajans Eta Connecticut](#) egzije pou distri eskolè ou a pèmèt ou enspekte dosye edikasyon yo pa pita ke 10 jou lekòl apre ou mande pou fè sa. Si ou fè yon demann pou revize ak enspekte dosye edikasyon pitit ou a lè lekòl la pap fonksyone, distri eskolè a dwe mete dosye yo disponib pou enspeksyon nan yon peryòd tan rezonab, men pa plis pase 45 jou kalandriye apre li te resevwa demann ou an. Sa a se yon egzijans dapre FERPA, kote distri eskolè yo oblije suiv menmsi gen yon nòm diferan nan eta a ki baze sou jou lekòl yo.

Distri eskolè a dwe, malgre delè ki endike anwo a, konfòme l avèk demann ou an san reta initil e anvan nenpòt reyinyon PPT, reyinyon rezolisyon, oswa odyans (ki gen ladanl yon odyans sou disiplin).

Dwa w pou enspekte ak revize dosye edikasyon pitit ou a gen ladan:

1. Dwa w genyen pou w jwenn yon repons nan men distri eskolè a pou demann rezonab ou yo eksplikasyon ak entèpretasyon dosye yo.
2. Dwa w pou resevwa yon kopi dosye yo gratis. Sa a se yon dwa ki garanti nan Seksyon 10-76d-18 nan Règleman Ajans Eta Connecticut yo. Ou dwe mande yon kopi gratis alekri. Distri eskolè a gen 10 jou lekòl pou ba w yon kopi dosye yo. Distri eskolè a ka fè w peye pou kopi adisyonèl; sepandan, distri eskolè a ka pa fè w peye pou kopi adisyonèl yo si sa tap entèfere nan dwa w pou w revize ak enspekte dosye pitit ou a.
3. Dwa w pou gen yon moun kap aji pou enspekte ak revize dosye yo pou ou.

Aksè a Dosye

[34 CFR § 300.614](#)

Chak distri eskolè dwe kenbe yon dosye sou pati ki jwenn aksè nan dosye edikasyon yo kolekte, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a (eksepte aksè paran ak anplwaye otorize nan distri eskolè a), ki gen ladan non pati a, dat yo te bay aksè ak objektif pati a otorize pou itilize dosye yo.

Dosye sou plis pase yon timoun

[34 CFR § 300.615](#)

Si nenpòt dosye edikasyon gen enfòmasyon sou plis pase yon timoun, paran timoun sa yo gen dwa pou yo enspekte ak revize sèlman enfòmasyon ki gen rapò ak pitit yo a oswa pou yo resevwa enfòmasyon espesifik sa yo ki gen rapò ak pitit yo a.

Lis Tip ak Anplasan Enfòmasyon yo

[34 CFR § 300.616](#)

Sou demann, distri eskolè ou a dwe ba w yon lis ki tip ak kote dosye edikasyon yo distri a te kolekte, te konsève oswa te itilize.

Frè

[34 CFR § 300.617](#)

Distri eskolè a ka pa mande yon frè pou chèche dosye yo.

Amanman nan Dosye sou demann Paran an

[34 CFR § 300.618](#)

Si w kwè enfòmasyon ki nan dosye edikasyon konsènan pitit ou a yo te kolekte, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a pa kòrèk, fo, oswa vyole enfòmasyon prive oswa lòt dwa pitit ou a, ou ka mande distri eskolè a chanje dosye yo. Distri eskolè a dwe decide si l ap chanje enfòmasyon anamoni demann ou an nan yon peryòd detan rezonab apre li fin resevwa demann ou an. Si distri eskolè a refize chanje enfòmasyon yo jan w te mande a, distri eskolè a dwe enfòme w konsènan refi sa a epi fè w konnen dwa w genyen a yon odyans pou konteste kontni dosye a (gade anba a).

Kontestasyon Kontni Dosye a, Opòtinite pou yon Odyans

[34 CFR § 300.619](#)

Distri eskolè a dwe, sou demann, ba ou yon opòtinite pou yon odyans pou konteste kontni dosye edikasyon pitit ou a pou asire ke li pa kòrèk, fo, oswa otreman an vyolasyon enfòmasyon prive oswa lòt dwa pitit ou a.

Pwosedi Odyans yo

[34 CFR § 300.621](#); [34 CFR § 99.22](#)

Yon odyans pou konteste enfòmasyon ki nan dosye edikasyon pitit ou a dwe fèt selon pwosedi pou odyans sa a yo jwenn nan FERPA.

Rezilta Odyans lan

[34 CFR § 300.620](#); [34 CFR § 99.21](#)

Si, nan rezilta odyans lan, distri eskolè a decide ke enfòmasyon yo pa kòrèk, fo, oswa yon lòt fason an vyolasyon sou vi prive oswa lòt dwa pitit ou a, li dwe chanje enfòmasyon an kòm sadwa epi enfòmasyon w alekri.

Si, nan rezilta odyans lan, distri eskolè a decide ke enfòmasyon yo pa enkòrèk, pa fo, oswa yon lòt fason pa an vyolasyon sou vi prive oswa lòt dwa pitit ou a, li dwe enfòmasyon w sou dwa ou genyen pou mete nan dosye yo ke li kenbe sou pitit ou yon deklarasyon ki gen kòmmanchè sou enfòmasyon yo oswa bay kèlkeswa rezon ki fè ou pa dakò ak desizyon distri eskolè a.

Eksplikasyon yo mete nan dosye pitit ou a se distri eskolè a ki dwe konsève yo kòm yon pati nan dosye pitit ou a toutotan distri eskolè a kenbe dosye a oswa pòsyon konteste a. Si distri eskolè a divilge dosye pitit ou a oswa enfòmasyon yo konteste bay yon lòt moun, yo dwe divilge eksplikasyon an bay lòt moun sa a tou.

Konsantman pou Divilgasyon Enfòmasyon Pèsonèl Idantifyab

[34 CFR § 300.622](#); [34 CFR §99.31\(a\)\(2\)](#)

Sòf si enfòmasyon an nan dosye edikasyon yo, epi yo otorize divilgasyon san konsantman w dapre FERPA, yo dwe jwenn konsantman ou anvan yo divilge enfòmasyon sou idantite pèsonèl bay lòt moun ki pa fè pati ofisyèl lòt ajans ki patisipe nan Pati B IDEA a.

Eksepte nan sikonstans ki dekri pi ba yo, konsantman w pa obligatwa anvan yo bay ofisyèl lòt ajans yo enfòmasyon sou idantite pèsonèl ki patisipe nan Pati B IDEA a nan objektif pou satisfè egzijans Pati B IDEA a.

Yo dwe jwenn konsantman ou oswa konsantman yon timoun ki kalifye ki rive nan laj majè dapre lalwa leta anvan yo bay ofisyèl lòt ajans ki patisipe nan Pati B IDEA enfòmasyon sou idantite pèsonèl ki bay oswa peye pou sèvis tranzisyon yo.

Distri eskolè w la gen dwa divilge enfòmasyon ki soti nan dosye edikasyon pitit ou a bay yon lòt lekòl san konsantman w lè w ap chèche oswa gen entansyon enskri pitit ou a nan yon lòt lekòl, distri oswa lekòl lèl fin fè segondè. Distri eskolè a dwe fè yon tantativ rezonab pou notifiye w alavans sou divilgasyon an.

Pwoteksyon

[34 CFR § 300.623](#)

Chak distri eskolè dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon idantite pèsonèl nan etap koleksyon, estokaj, divilgasyon ak destriksyon.

Yon resposab nan chak distri eskolè dwe pran responsablite pou asire konfidansyalite nenpòt enfòmasyon sou idantite pèsonèl.

Tout moun kap kolekte oswa kap sèvi ak enfòmasyon sou idantite pèsònèl yo dwe resevwa fòmasyon oswa enstriksyon konsènan règleman ak pwosedi leta a konsènan konfidansyalite dapre Pati B IDEA ak FERPA.

Chak distri eskolè dwe kenbe pou enspeksyon piblik yon lis ki gen non ak pozisyon anplwaye yo ajou ki ka gen aksè a enfòmasyon sou idantite pèsònèl.

Destriksyon Enfòmasyon

[34 CFR § 300.624; CT Kalandriye pou Konsèvasyon Dosye Bibliyotèk Leta a](#)

Distri eskolè w la dwe enfòme w lè enfòmasyon sou idantite pèsònèl yo te kolekte, konsève oswa itilize dapre Pati B IDEA a pa nesesè ankò pou bay pitit ou a sèvis edikasyon. Nan Connecticut, distri eskolè yo oblije kenbe dosye edikasyon espesyal yo pou sis ane apre dosye yo pa nesesè ankò pou bay pitit ou a sèvis edikasyon (sa vle di, gradyasyon, sòti nan edikasyon espesyal, epi transfere nan yon lòt distri eskolè oswa lekòl prive). Apre peryòd tan sa a fin pase, distri eskolè la dwe detwi enfòmasyon pitit ou a si w mande yo fè sa. Yon dosye pèmanan sou non pitit ou a, adrès, nimewo telefòn li, nòt li, dosye prezans li yo, kou li te swiv yo, nivo klas li te konplete, ak ane li te tèmine kapab konsève san dat limit.

Pwosedi pou Plent devan Leta

Diferans ki genyen ant plent administratif leta a ak odyans pwosedi jistis yo

Règleman pou Pati B IDEA yo gen pwosedi diferan pou plent administratif leta a ak pou odyans pwosedi jistis yo. Jan sa eksplike an plis detay pi ba a, nenpòt moun oswa òganizasyon ka depoze yon plent devan leta pou pwoteste kont yon vyolasyon nenpòt egzijans Pati B oswa nenpòt lwa leta a oswa règleman ki gen rapò ak dispozisyon edikasyon espesyal pou timoun ki kalifye pa yon distri eskolè, Depatman Deta Edikasyon Connecticut la (CSDE) oswa nenpòt lòt ajans piblik ki responsab pou bay sèvis dapre lwa oswa règleman leta konsènan dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò li yo.

Se sèlman oumenm oswa yon distri eskolè ki ka ranpli yon odyans pwosedi jistis sou nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa yon refi pou inisyè oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman edikasyon yon timoun ki gen yon andikap, oswa dispozisyon FAPE pou timoun nan.

Yon ankèt sou yon plent administratif leta dwe tèminal nan yon delè 60 jou kalandriye sof si yo pwolonje delè kòrèkteman. Yon ofisyè odyans san patipri dwe kondui yon odyans pwosedi jistis (si yo pa rezoud li atravè yon reyinyon rezolisyon oswa atravè medyasyon) epi bay yon desizyon alekri nan 45 jou kalandriye suivan fen peryòd rezolisyon an, sof si ofisyè odyans lan bay yon pwolongasyon espesifik nan delè a sou demann ou oswa sou demann distri eskolè a.

Yo dekri plent administratif leta a ak rezolisyon pwosedi jistis ak pwosedi odyans yo plis an detaye anba a. CSDE te devlope fòmilè modèl pou ede w depoze yon odyans pwosedi jistis epi ede w oswa lòt moun yo depoze yon plent devan leta. Ou kapab gen akse a enfòmasyon ak fòmilè sa yo sou sit entènèt CSDE la [sou paj Legal ak Pwosedi Jistis Biwo Edikasyon Espesyal la](#).

Pwosedi Administratif Plent Leta

[34 CFR § 300.151](#)

Jeneral

CSDE a gen yon pwosedi alekri pou rezoud nenpòt plent, sa gen ladan plent depoze yon òganizasyon depoze oswa yon moun ki soti nan yon lòt eta, epi li gen yon pwosedi pou depoze yon plent avèk CSDE a. Pwosedi pou plent leta a disponib sou sit entènèt CSDE a jan sa endike sou [paj Legal ak Pwosedi Jistis Biwo Edikasyon Espesyal la](#). Si nan ankèt li sou plent lan, CSDE a jwenn ke yon distri eskolè pa t bay sèvis apwopriye, CSDE a dwe trete:

1. Defayans distri eskolè a pou bay sèvis apwopriye, ki gen ladan aksyon korektif ki apwopriye pou repon ak bezwen timoun nan (tankou sèvis konpansatwa oswa ranbousman lajan).
2. Pou bay sèvis apwopriye pou tout timoun ki gen andikap alavni.

Pwosedè pou Plent devan Leta; Ekstansyon Delè; Desizyon Final; Aplikasyon

[34 CFR § 300.152](#)

CSDE a dwe pran epi bay yon desizyon konènan pwoblèm ki nan plent lan nan 60 jou kalandriye apre yo fin depoze plent lan devan CSDE a. Limit 60 jou kalandriye a ka pwolonje si:

- CSDE kwè gen sikonstans eksepsyonèl ki gen rapò ak plent sa a; oswa
- moun ki pote plent lan ak distri eskolè a dakò pou pwolonje delè a pandan y ap pouswiv medyasyon.

Lè yap pran yon desizyon, CSDE a dwe:

1. Fè yon vizit sou plas, si sa nesèsè, si CSDE a kwè ke li ta dwe fè.
2. Bay moun ki pote plent lan yon chans pou l bay, aloral oswa alekri, plis enfòmasyon sou plent lan.
3. Bay distri eskolè a opòtinite pou reponn plent lan, ki ka gen ladan:
 - a. si distri lekòl la vle sa, yon pwopozisyon pou rezoud plent lan epi
 - b. yon opòtinite pou moun ki pote plent lan ak distri eskolè a ale nan medyasyon.
4. Revize tout enfòmasyon ki enpòtan konsènan plent lan epi deside si distri eskolè a te vyole yon egzijans swa lwa edikasyon espesyal leta oswa federal.
5. Voye yon desizyon alekri bay moun ki pote plent lan. Desizyon an pral trete chak pwoblèm ki souleve nan plent lan epi li pral genyen enfòmasyon ki te sèvi kòm baze pou desizyon an, ki jan reyalyte yo te gen rapò ak desizyon an ak motif desizyon an.
6. Fè lòt aktivite ki kapab apwopriye pou ankèt la.
7. Mete pwosedè pou aplikasyon efikas desizyon an, si sa nesèsè, tankou:
 - a. asistans pou distri eskolè a pamwayen CSDE a;
 - b. negosyasyon; ak
 - c. aksyon korektif ke distri eskolè a dwe pran pou reponn a egzijans lalwa yo.

Plent Leta ak Odyans Pwosesis Jistis yo

Ou gendwa mande yon odyans tou menmsi yo te depoze yon plent; sepandan, CSDE pap egzamine okenn pati nan yon plent ki fè pati odyans pwosedè jistis la jiskaske yo pran desizyon final odyans lan. Nenpòt pwoblèm nan plent lan ki pa fè pati odyans pwosedè jistis la dwe rezoud dapre etap ki anwo yo nan seksyon sa a. Si yo souleve yon pwoblèm nan yon plent ki yo te deja deside sou li nan yon odyans pwosedè jistis avèk ou menm ak distri eskolè a, desizyon odyans lan definitiv epi CSDE pa pral revize l. CSDE a ap enfòme moun ki pote plent lan ke yo pap fè yon revizyon. Si yon plent fè konnen distri eskolè a pa aplike desizyon final odyans pwosedè jistis la, CSDE a dwe rezoud plent la.

Depoze yon Plent Administratif devan Leta

[34 CFR § 300.153](#)

Plent lan dwe akize yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase yon ane anvan dat yo te resevwa plent lan. Plent lan dwe fèt alekri epi siyen. Yo rele moun oswa òganizasyon ki pote plent lan plenyan.

Plent lan dwe endike:

1. Distri eskolè a, oswa CSDE a, oswa nenpòt lòt ajans piblik ki responsab pou bay sèvis dapre Pati B IDEA a oswa lwa leta oswa règleman konsènan dispozisyon edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò avèl yo ki pa t fè travay federal (IDEA) a oswa lwa edikasyon espesyal leta.
2. Reyalite plent lan baze li yo.
3. Siyati ak enfòmasyon sou kontak moun oswa òganizasyon ki depoze plent lan.

Si plent lan enplike yon timoun espesifik, plent lan dwe gen ladan:

1. Non ak adrès timoun nan.
2. Non lekòl timoun nan frekate a.
3. Nan ka yon timoun ki sanzabri, enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan ak non lekòl timoun nan frekante a.
4. Yon deskripsyon sou nati pwoblèm timoun nan, ki gen ladan reyalite ki lye ak pwoblèm nan.
5. Yon pwopozisyon rezolisyon pwoblèm nan nan mezi yo konnen epi ki disponib pou plenyàn an nan moman plent lan te depoze a.

Moun oswa òganizasyon ki depoze plent lan dwe voye yon kopi plent lan bay distri eskolè yo depoze plent lan kont li a an menm tan yo depoze plent lan nan CSDE. Adrès postal pou CSDE a se:

Depatman Edikasyon Eta Connecticut
Biwo Edikasyon Espesyal, Inite Pwosesis Jistis
P.O. Box 2219
Hartford, CT 06145-2219
Fax: 860-713-7153

Yo ka soumèt plent lan tou elektwonikman bay: DueProcess.SDE@ct.gov

Yon modèl fòmilè plent devan leta disponib sou [sit entènèt CSDE a](#).

Li pa obligatwa pou itilize fòmilè sa a pou depoze yon plent. Sepandan, sonje ke enfòmasyon ki nan fòmilè an se enfòmasyon sa yo ke yo dwe bay lè yap depoze yon plent nan CSDE a.

Pwosesis Pwosedi Jistis

Jeneral

[34 CFR § 300.507 ak 34 CFR §300.511](#); [Connecticut General Statutes \(CGS\) § 10-76h](#); [RCSA §§ 10-76h-1 jiska 10-76h-18](#)

Oumenm oswa distri eskolè a ka ranpli yon odyans pwosedi jistis sou nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak yon pwopozisyon oswa refi pou kòmanse oswa chanje:

- idantifikasyon yon timoun;
- evalyasyon yon timoun;
- plasman edikasyon yon timoun; oswa
- dispozisyon FAPE pou yon timoun.

Depoze yon odyans pwosedi jistis la kòmanse pwosesis odyans administratif edikasyon espesyal la. Ou ka tande yo rele pwosesis odyans lan "odyans san patipri", "odyans edikasyon espesyal," oswa "odyans pwosedi jistis."

Demann pou odyans pwosedi jistis la dwe akize yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase dezan anvan oumenm oswa distri eskolè a te konnen oswa te dwe konnen sou swadizan aksyon sa ki fòme baz odyans pwosedi jistis la. Limitasyon dezan sa a pa aplike pou ou si ou pat kapab ranpli yon odyans pwosedi jistis nan kad delè a paske:

- distri eskolè a espesyalman bay manti ke li te rezoud pwoblèm yo te idantifye nan demann odyans lan; oswa
- distri eskolè a te refize ba w enfòmasyon ke li te dwe ba w dapre Pati B IDEA a.

Pa egzanp, si yo pa t ba w yon kopi dokiman sa a, "Avi sou Pwosedi Pwoteksyon Obligatwa dapre IDEA Pati B," limit de ane a ap kòmanse nan moman yo remèt ou yon kopi kòrèkteman.

Enfòmasyon pou Paran yo

Distri eskolè a dwe enfòme w sou nenpòt sèvis legal gratis oswa ki pa koute chè ak lòt sèvis enpòtan ki disponib nan zòn nan si w mande enfòmasyon an, oswa si oumenm oswa distri eskolè a ranpli yon odyans pwosedi jisti. Lè w mande pou yon odyans pwosedi jistis, distri eskolè a ap ba w espikasyon sou itilizasyon medyasyon an kòm mwayen pou rezoud pwoblèm yo.

Depoze yon Odyans Pwosedi Jistis

[34 CFR § 300.508](#); [CGS § 10-76h](#); [RCSA §§ 10-76h-1 jiska 10-76h-18](#)

Pou w ka mande yon odyans pwosedi jistis, oumenm oswa distri eskolè a (oswa avoka w oswa avoka distri eskolè a) dwe soumèt yon demann odyans pwosedi jistis bay lòt pati a. Jan sa endike pi wo a, soumèt yon demann odyans pwosedi jistis vle di menm bagay ak demann yon odyans. Demann pou odyans jistis la dwe genyen tout enfòmasyon sa yo epi yo dwe rete konfidansyèl.

Demann odyans pwosedi jistis la dwe genyen tout enfòmasyon sa yo epi yo dwe rete konfidansyèl:

1. Non timoun nan.
2. Adrès rezidans timoun nan.
3. Si timoun nan sanzabri, enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan.
4. Yon deskripsyon sou nati pwoblèm nan ki gen rapò ak aksyon yo pwopoze oswa refize a, ki gen ladan reyalyte ki gen rapò ak pwoblèm nan.
5. Ki sa ki pral rezoud pwoblèm nan, nan mezi yo konnen epi ki disponib pou pati plenyan an (oumenm oswa distri eskolè a) nan moman an.
6. Non lekòl timoun nan.

Oumenm oswa distri eskolè a gendwa pa gen yon odyans pou pwosedi jistis jiskaske oumenm oswa distri eskolè a (oswa avoka w oswa avoka distri eskolè a) depoze yon demann odyans pwosedi jistis ki gen ladann enfòmasyon ki endike anwo a. Nenpòt moun ki ranpli demann odyans lan dwe bay CSDE a yon kopi demann lan.

Voye kopi a bay:

Depatman Edikasyon Eta Connecticut
Biwo Edikasyon Espesyal, Inite Pwosesis Jistis
P.O. Box 2219
Hartford, CT 06145-2219
Fax: 860-713-7153

Yo ka soumèt demann pou yon odyans pwosedi jistis la tou elektwonikman bay:

DueProcess.SDE@ct.gov

Kondisyon Adegwa Demann pou Odyans

Pou yon odyans sou pwosedi jistis fèt, yo dwe konsidere li adekwa. Y ap konsidere demann pou odyans pwosedi jistis la adekwa (si li gen enfòmasyon ki endike anwo a) sof si pati k ap resevwa demann odyans pwosedi jistis la (oumenm oswa distri eskolè a) notifiye ofisye odyans lan ak lòt pati a alekri nan espas 15 jou kalandriye apre li fin resevwa demann lan ke pati k ap resevwa a kwè demann odyans pwosedi jistis la pa genyen enfòmasyon yo mande yo. Ofisye odyans lan, nan espas senk jou kalandriye apre li fin resevwa avi sa a, dwe decide si yo te bay enfòmasyon yo mande yo epi li dwe notifiye oumenm ak distri eskolè a imedyatman sou desizyon sa a alekri. Si pati kap resevwa a pa notifiye ofisye odyans lan, yo ta dwe konsidere demann pou odyans lan genyen enfòmasyon yo mande yo.

Amanman Demann Odyans pou Pwosesis Jistis la

Oumenm oswa distri eskolè a gendwa fè chanjman nan demann odyans pou pwosedi jistis la sèlman si:

- lòt pati a apwouve chanjman yo alekri epi li gen chans pou rezoud dispit la atravè yon reyinyon rezolisyon (gade [Pwosesis Rezolisyon](#)); oswa
- ofisye odyans lan bay pèmisyon, li ka sèlman bay li nenpòt ki lè, men pa pita pase senk jou kalandriye anvan odyans lan kòmanse.

Si pati ki pote plent lan (oumenm oswa distri eskolè a) fè chanjman nan demann odyans pou pwosedi jistis la, delè pou reyinyon rezolisyon an (nan 15 jou kalandriye apre distri eskolè a resevwa demann lan) ak peryòd tan pou rezolisyon an (nan 30 jou kalandriye apre distri eskolè resevwa plent lan) rekòmanse nan dat ke yo depoze demann odyans amande a devan distri eskolè a.

Repons Distri Eskolè a nan yon Demann Odyans Pwosedi Jistis

Si distri eskolè a pat voye yon preavi alekri ba ou (gade [Preavi Alekri](#)) konsènan pwoblèm ki endike nan demann pou odyans ou a, distri eskolè a dwe, nan 10 jou kalandriye apre li resevwa demann pou odyans ou a, voye yon repons ba ou ki gen ladann enfòmasyon sa yo:

1. Yon eksplikasyon sou rezon ki fè distri lekòl la te pwopoze oswa refize fè aksyon ki te souleve nan plent pwosedi jistis la.
2. Yon deskripsyon lòt opsyon PPT pitit ou a te pale sou yo ak rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo.
3. Yon deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, analiz, dosye oswa rapò ke distri eskolè a te itilize kòm baz pou aksyon yo pwopoze oswa refize a.
4. Yon deskripsyon lòt faktè enpotan ki te gen rapò ak aksyon distri eskolè a pwopoze oswa refize a.

Bay enfòmasyon sa yo pa anpeche distri eskolè a revandike ke kontri demann odyans pwosedi jistis ou a te inadekwa.

Eksepte sa ki endike imedyatman pi wo a, pati k ap resevwa yon demann odyans pou pwosedi jistis dwe, nan 10 jou kalandriye apre li fin resevwa demann odyans pou pwosedi jistis la, voye bay lòt pati a yon repons ki adrese espesyalman pwoblèm ki nan demann odyans pou pwosedi jistis la.

Fòmilè Modèl

[34 CFR § 300.509](#)

CSDE a te devlope yon fòmilè modèl pou ede w ranpli yon demann odyans pou pwosedi jistis e pou ede w ak lòt pati yo depoze yon plent administratif devan leta. Sepandan, distri eskolè a oswa CSDE a ka pa mande pou yo sèvi ak fòmilè modèl sa yo. Ou ka itilize fòmilè modèl la oswa yon lòt fòmilè apwopriye, akondisyon li gen enfòmasyon ki nesèsè pou depoze yon demann odyans pwosedi jistis oswa plent administratif devan leta. Fòmilè modèl yo disponib pi ba a oswa ou ka jwenn yo sou [paj Legal ak Pwosedi Jistis Biwo Edikasyon Espesyal la](#).

- [Plent Administratif](#)
- [Odyans ak Opinyon Konsiltatif](#)
- [Medyasyon](#)

Demach Pwosedi Jistis yo

[34 CFR § 300.511](#); [CGS § 10-76h](#); [RSCA §§ 10-76h-1 jiska 10-76h-18](#)

Jeneral

Lè yo resewva yon demann alekri pou yon odyans, Biwo Edikasyon Espesyal CSDE, Inite Pwosedi Jistis pral nonmen yon ofisye odyans san patipri epi lap enfòmè tou de pati yo ak ofisye odyans lan alekri sou randevou a.

Anvan odyans lan kòmanse, ou menm ak distri eskolè a pral patisipe nan yon apèl telefonik avèk ofisye odyans lan. Yo rele sa yon konferans avan odizyon. Pandan apèl la, oumenm ak distri lekòl la pral senplifye oswa klarifye pwoblèm ki nan konfli yo. Ofisye odyans lan kapab tou etabli dat pou fini ak prèv chak pati, epi ekzamine posiblite pou yon rezolisyon ka a.

Ofisye Odyans san Patipri

Odyans lan pral fèt pa yon ofisye odyans ki:

- pa dwe yon anplwaye CSDE oswa distri eskolè kote timoun nan ale lekòl la oswa distri eskolè ki responsab edikasyon timoun nan;
- pa dwe gen yon enterè pèsone l oswa pwofesyonèl ki ta ka anpeche l rete san patipri nan odyans lan;
- dwe konnen epi konprann lwa ak règleman edikasyon espesyal federal (IDEA) ak leta a ak fason tribinal federal ak leta yo konprann lwa sa yo; epi
- dwe gen konesans ak kapasite pou kondui odyans epi kapab ekri desizyon an akò ak pratik legal estanda, apwopriye.

Yon moun ki ta yon ofisye odyans se pa yon anplwaye sèlman paske CSDE a peye li pou aji kòm yon ofisye odyans.

CSDE, Inite Pwosesis Jistis la dwe kenbe yon lis moun ki sèvi kòm ofisye odyans yo. Lis sa a dwe bay kalifikasyon chak nan moun sa yo epi yo ka jwenn li sou paj [Biwo Edikasyon Espesyal Legal ak Pwosedi Jistis la](#).

Sijè Odyans sou Pwosesis Jistis

Pati a (oumenm oswa distri eskolè a) ki depoze demann pou odyans pwosedi jistis la pa gendwa soulve lòt pwoblèm nan odyans pou jistis la ki pa t abòde nan demann pou odyans pwosedi jistis la, sof si lòt pati a dakò.

Delò pou Mande yon Odyans; Eksepsyon

Oumenm oswa distri eskolè a dwe mande yon odyans sou pwosedi jistis nan dezan apre dat oumenm oswa distri lekòl la te konnen oswa te dwe konnen pwoblèm ki te abòde nan demann odyans lan. Delè sa a pa aplike pou ou si ou pa t kapab ranpli demann odyans pwosedi jistis la paske:

- distri eskolè a espesyalman bay manti ke li te rezoud pwoblèm oswa kesyon w ap souleve nan demann odyans ou a; oswa
- distri eskolè a te refize ba w enfòmasyon ke li te dwe ba w dapre Pati B IDEA a.

Dwa pou Odyans yo

[34 CFR § 300.512](#); [RCSA § 10-76h-11](#)

Jeneral

Ou gen dwa pou reprezante tèt ou nan yon odyans pwosedi jistis. Anplis de sa, nenpòt ki pati nan yon odyans pwosedi jistis (ki gen ladan yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) gen dwa pou:

- li akonpaye ak konseye pa yon avoka oswa moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon sou pwoblèm timoun ki gen andikap yo;
- li reprezante pa yon avoka nan odyans pwosedi jistis la;
- prezante prèv, kesyonman (konfwontasyon), kont-entèwogasyon epi mande pou temwen yo prezan;
- entèdi prezantasyon nenpòt prèv nan odyans lan ke yo pa t bay pati sa a omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan. Evalyasyon ki acheve nan dat sa a ak rekòmandasyon nan evalyasyon yo ke yo gen entansyon itilize nan odyans lan yo dwe bay omwen senk jou ouvrab anvan odyans lan;
- jwenn yon kontrandi odyans lan alekri, oswa si w vle l, mo pou mo pa mwayen elektwonik; epi
- jwenn kontrandi, oswa si w vle l, konklizyon fè ak desizyon yo pa mwayen elektwonik.

Dwa Paran nan Odyans yo

1. Ou gen dwa genyen pitit ou a nan odyans lan epi ouvè odyans lan a piblik la.
2. Ou gen dwa pou yo ba w dosye odyans lan gratis.
3. Ou gen dwa pou reprezante tèt ou nan yon odyans pwosedi jistis.

Divilgasyon Lòt Enfòmasyon

Ofisyè odyans lan ka anpeche oumenm oswa distri eskolè a bay kèkeswa prèv la nan odyans lan san pèmisyon lòt pati a si oumenm oswa distri eskolè a pa respekte delè ki anwo a konsènan soumèt prèv la.

Omwen senk jou ouvrab anvan yon odyans sou pwosedi jistis, oumenm ak distri eskolè a dwe divilge bay youn lòt tout evalyasyon ki te fèt nan dat sa a ak rekòmandasyon ki baze sou evalyasyon sa yo ke oumenm oswa distri eskolè a gen entansyon itilize nan odyans lan.

Yon ofisyè odyans ka anpeche nenpòt pati a ki pa respekte egzijans pou prezante evalyasyon oswa rekòmandasyon ki enpòtan nan odyans lan san konsantman lòt pati a.

Pwosesis Rezolisyon

[34 CFR § 300.510](#)

Reyinyon Rezolisyon

Nan 15 jou kalandriye apre ou fin resevwa demann odyans pou pwosedè jistis la epi anvan odyans sou pwosedè jistis la kòmanse, distri eskolè a dwe òganize yon reyinyon avèk oumenm ak manm enpòtan PPT ki konsène yo ki gen konesans espesifik sou fè yo idantifye nan demann pou odyans pwosedè jistis la. Ou menm ak distri eskolè a ap detèmine manm ki enpòtan nan PPT a pou patisipe nan reyinyon an. Distri eskolè a dwe genyen yon moun nan reyinyon an ki gen otorite pou pran desizyon pou distri eskolè a. Distri eskolè a pa gendwa vini ak avoka sof si ou mennen ou vini ak yon avoka.

Objektif reyinyon rezolisyon an se pou w diskite sou demann odyans pou pwosedè jistis la, ak enfòmasyon ki fòme baz demann odyans pou pwosedè jistis la, pou distri eskolè a gen opòtinite pou rezoud konfli a.

Reyinyon rezolisyon an pa oblije fèt si:

- oumenm ak distri eskolè a dakò alekri pou pa fè reyinyon rezolisyon an; oswa
- oumenm ak distri eskolè a dakò pou sèvi ak medyasyon.

Peryòd Rezolisyon

Si distri eskolè a pa rezoud demann odyans pwosedè jistis la pou satisfè w nan 30 jou kalandriye apre li fin resevwa demann odyans pwosedè jistis la (pandan peryòd tan pou [pwosesis rezolisyon](#) an), odyans pwosedè jistis la ka kòmanse eksepte jan sa endike anba a, **Ajisteman Peryòd Rezolisyon 30 jou kalandriye a.**

Delè 45 jou kalandriye pou bay yon desizyon final pou odyans pwosedè jistis la kòmanse nan ekspirasyon peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, ak sèten eksepsyon pou ajisteman ki fèt nan peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, jan sa dekri anba a.

Sòf si oumenm ak distri eskolè a nou toulede dakò pou pa gen reyinyon rezolisyon an oswa pou itilize medyasyon, si w pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an sa ap retade delè pou pwosesis rezolisyon an ak odyans pwosedè jistis la jiskaske reyinyon rezolisyon an fèt.

Si apre yo fin fè efò rezonab ak dokimante efò sa yo, distri eskolè a pa kapab jwenn patisipasyon w nan reyinyon rezolisyon an, distri eskolè a ka, nan fen peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, mande ofisye odyans lan pou li rejte plent pwosesis jistis ou a. Dokimantasyon efò distri eskolè a ap fè pou jwenn patisipasyon w lan dwe genyen ladan l yon dosye sou tantativ distri eskolè a pou fè aranjman pou yon lè ak kote nou lede te dakò ansanm, tankou:

- dosye detaye sou apèl telefonnik yo te fè oswa eseye ak rezilta yo apèl sa yo; epi
- kopi korespondans yo te voye ba ou ak nenpòt repons ou te resevwa.

Si distri eskolè a pa fè reyinyon rezolisyon an nan 15 jou kalandriye apre yo fin resevwa plent ou a oswa si li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, ou gendwa mande ofisyè odyans lan pou l kòmanse delè pwosedi jistis la pou 45 jou kalandriye a.

Ajisteman nan Peryòd Rezolisyon 30 Jou Kalandriye a

Peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a kapab ajiste. Delè 45 jou kalandriye pou odyans lan ap kòmanse jou apre youn nan evènman sa yo:

1. Ou menm ak distri eskolè a dakò alekri pou pa fè reyinyon rezolisyon an.
2. Apre reyinyon medyasyon an oswa rezolisyon an kòmanse men anvan fen peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, oumenm ak distri eskolè a dakò alekri ke pa gen okenn akò ki posib.
3. Si oumenm ak distri eskolè a dakò alekri pou kontinye medyasyon an nan fen peryòd rezolisyon 30 jou kalandriye a, men pita, oumenm oswa distri eskolè a soti nan pwosesis medyasyon an.

Akò Règleman Alekri

Si nan reyinyon rezolisyon an ou menm ak distri eskolè a rezoud pwoblèm yo, ou menm ak distri eskolè a dwe konkli yon akò legalman obligatwa ki se:

- siyen pa oumenm ak yon moun nan distri eskolè a ki gen otorite pou konkli akò a; epi
- aplikab nan nenpòt tribinal leta ki gen jiridiksyon konpetan (yon tribinal leta ki gen otorite pou tandè tip de ka sa a) oswa nan yon tribinal distri Ozetazini yo.

Peryòd Revizyon Akò

Oumenm oswa distri eskolè a ap gen twa jou ouvrap depi akò a siyen pou chanje lide epi pou w pa suiv akò a.

Medyasyon

[34 CFR § 300.506](#); [RCSA § 10-76h-5](#)

Medyasyon se yon fason pou rezoud yon konfli lè oumenm ak distri eskolè a pa dakò sou:

- idantifikasyon yon timoun;
- evalyasyon yon timoun;
- plasman edikasyon yon timoun; oswa
- nenpòt lòt pwoblèm ki gen rapò ak dispozisyon FAPE pou yon timoun.

Medyasyon se volontè. Sa vle di ke ou menm ak distri eskolè a gen chwa pou itilize medyasyon pou rezoud konfli a. Ni oumenm ni distri eskolè a pa oblije dakò pou sèvi ak medyasyon. Medyasyon an pa ka itilize pou:

- refize oswa retade dwa w pou yon odyans; oswa
- refize nenpòt lòt dwa ou genyen dapre lwa leta oswa federal sou edikasyon espesyal.

Anvan ou depoze yon plent administratif devan leta oswa anvan ou mande pou yon odyans pwosedi jistis oswa nenpòt ki lè apre ou fin ranpli yon demann pou odyans pwosedi jistis oswa pandan odyans pwosedi jistis la, oumenm ak distri eskolè a ka mande medyasyon lè w voye yon lèt bay:

Depatman Edikasyon Eta Connecticut
Biwo Edikasyon Espesyal, Inite Pwosesis Jistis
P.O. Box 2219
Hartford, CT 06145-2219
Fax: 860-713-7153

Yo ka soumèt demann pou medyasyon an elektwonikman tou bay: DueProcess.SDE@ct.gov

Inite Pwosesis Jistis la gen yon lis medyatè epi l ap bay yon medyatè nan yon lis ki an wotasyon ki:

- resevwa fòmasyon nan medyasyon;
- pa gen yon konfli denterè;
- gen konesans sou lwa edikasyon espesyal yo; epi
- pa bay timoun nan sèvis dirèk ki fè pati sijè ki nan medyasyon an.

Medyatè a pral eseye ede rezoud pwoblèm ou menm ak distri eskolè a genyen an. Medyasyon an pral fèt nan alè ak nan yon kote ki pre pou ou menm ak pèsònèl distri eskolè a. CSDE a ap peye pou depans pou pwosesis medyasyon an.

Si oumenm ak distri eskolè a rive jwenn yon akò sou pwoblèm yo, sa nou te dakò a yo pral mete l alekri epi ou menm ak moun nan distri eskolè a ki gen otorite pou sa ap siyen akò a. Akò medyasyon an dwe endike sak te di nan diskisyon ki te fèt pandan medyasyon an, yo pral rete konfidansyèl epi yo pa dwe itilize l kòm prèv nan okenn odyans pwosedi jistis oswa yon aksyon nan tribinal aprè medyasyon an. Akò medyasyon an kapab egzekite devan nenpòt tribinal leta oswa nan Tribinal Distri Federal ki gen konpetans sou zafè sa yo.

Pwosesis Opinyon Konsiltatif

[RCSA § 10-76h-6](#)

Anvan yo konvoke yon Odyans Pwosedè Jistis, Seksyon 10-76h-6 Règleman Ajans Eta Connecticut yo pèmèt ou menm ak distri eskolè a pou mande yon odyans yon jou atravè Pwosesis Opinyon Konsiltatif la, ki ka akòde selon desizyon CSDE a. Apre yo fin mande yon odyans, ou menm ak distri eskolè a kapab dakò ak Pwosesis Opinyon Konsiltatif la lè yo voye yon lèt oswa ranpli fòmilè [Pwosesis Opinyon Konsiltatif](#) la epi voye li bay:

Depatman Edikasyon Eta Connecticut
Biwo Edikasyon Espesyal, Inite Pwosesis Jistis
P.O. Box 2219
Hartford, CT 06145-2219
Fax: 860-713-7153

Ou ka soumèt tou yon demann pou yon Opinyon Konsiltatif elektwonikman bay:
DueProcess.SDE@ct.gov

Pwosesis Opinyon Konsiltatif la pèmèt ou menm ak distri eskolè a bay yon ofisye odyans yon fason brèf pozisyon nou nan yon sèl jou; gen limit sou kantite tan ou menm ak distri eskolè a genyen pou prezante pozisyon nou ak kantite temwen ou menm ak distri eskolè a ka prezante. Apre li fin koute agiman ou menm ak distri eskolè a te avanse yo, ofisye odyans lan ap di ou menm ak distri eskolè a kijan ofisye odyans lan panse pwoblèm yo t ap tranche si paran an ak distri eskolè a te ale nan yon odyans konplè. Ofisye odyans ki fè Opinyon Konsiltatif la se pa menm ofisye odyans lan kap fè odyans konplè a. Ou menm ak distri eskolè a pa oblije aksepte opinyon ofisye odyans lan ki bay opinyon konsiltatif la. Ou menm ak distri eskolè a ka ale nan yon odyans konplè si pwoblèm yo pa rezoud lè nou resevwa yon opinyon konsiltatif.

Desizyon Odyans yo

[34 CFR § 300.513](#); [RCSA § 10-76h-16](#)

Desizyon Ofisye Odyans lan

Yon desizyon ofisye odyans lan pran pou konnen si pitit ou a te resevwa yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE) dwe baze sou prèv ak agiman ki gen rapò dirèkteman ak FAPE, sa vle di sou dwa ak prensip legal yo.

Nan zafè ki akize yon vyolasyon pwosedi yo, yon ofisye odyans ka jwenn ke pitit ou a pa t resevwa FAPE sèlman si vyolasyon pwosedi yo:

- entèfere nan dwa pitit ou a pou l resevwa FAPE;
- entèfere siyifikativman ak opòtinite w pou patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan dispozisyon FAPE pou pitit ou a; oswa
- te lakòz pitit ou a pèdi yon avantaj edikasyon.

Okenn nan dispozisyon ki dekri pi wo a pa kapab entèprete yo tankou sa anpeche yon ofisye odyans bay lòd pou yon distri eskolè suiv egzijans ki nan seksyon pwosedi pwoteksyon règleman federal yo anba Pati B IDEA ([34 CFR § 300.500 jiska 300.536](#)), menm si ofisye odyans la te jwenn ke yo pa t anpeche pitit ou a resevwa FAPE la.

Demann Separe pou yon Odyans Pwosedi Jistis

Pa gen anyen ki nan seksyon pwosedi pwoteksyon règleman federal yo anba Pati B IDEA ([34 CFR § 300.500 jiska 300.563](#)) ki kapab entèprete pou anpeche w ranpli yon demann odyans pou pwosedi jistis sou yon pwoblèm ki diferan ak yon demann odyans pwosedi pou jistis ki te deja ranpli.

Konklizyon ak Desizyon; Komodite Odyans yo; Konsèy Konsiltatif Eta a pou Resevwa Kopi Desizyon; Desizyon yo dwe Disponib pou Piblik la

Nan 45 jou kalandriye yo apati delè odyans lan kòmanse, yo pral pran yon desizyon final nan odyans lan epi CSDE/BSE a dwe voye yon kopi desizyon an pa lapòs bay chak pati yo. Ofisye odyans lan ka bay plis tan ki depase 45 jou kalandriye a lè ou menm oswa distri eskolè a mande l.

CSDE a, apre l fin revele nenpòt done ki ta fè idantite timoun nan fasil pou rekonèt, transmèt rezilta yo alekri ak desizyon yo bay Konsèy Konsiltatif Leta a pou Edikasyon Espesyal epi mete yo disponib pou piblik la an jeneral. Desizyon final yo disponib sou [sit entènèt CSDE](#) a.

Apèl

Finalite Desizyon an; Apèl; Evalyasyon san patipri

[34 CFR § 300.514](#); [RCSA § 10-76h-16](#)

Finalite Desizyon Odyans lan

Yon desizyon ki pran nan yon odyans pwosedi jistis (ki gen ladann yon odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) se definitiv, eksepte ke nenpòt ki pati ki enplike nan odyans lan (oumenm oswa distri eskolè a) ka fè apèl kont desizyon an lè yo tante yon aksyon sivil nan nenpòt Tribinal Leta nan jiridiksyon ki konpetan oswa Tribinal Distri Federal.

Aksyon Sivil, ki gen ladan Peryòd tan pou ranpli aksyon sa yo

[34 CFR § 300.516](#)

Jeneral

Nenpòt pati (oumenm oswa distri eskolè a) ki pa dakò ak konklizyon e desizyon odyans pwosedi jistis la (ki gen ladan tou odyans ki gen rapò ak pwosedi disiplinè) gen dwa pou tante yon aksyon sivil konsènan zafè ki te baz odyans powosedi jistis la. Yo ka pote aksyon an devan Tribinal Siperyè Leta a oswa nan yon Tribinal Distri Federal Ozetazini san yo pa konsidere montan an diskisyon an.

Delè pou Fè Apèl

Pati a (oumenm oswa distri eskolè a) ki fè apèl la gen 45 jou kalandriye apati dat yo voye desizyon an pa lapòs pou l tanta yon aksyon sivil.

Pwosedi Adisyonèl yo

Si oumenm oswa distri eskolè a fè apèl kont desizyon ofisyè odyans lan devan swa Tribinal Siperyè Leta a oswa Tribinal Distri Federal la, tribinal la:

- resevwa dosye odyans lan;
- tandè lòt prèv lè ou menm oswa distri eskolè amande sa; epi
- baze desizyon li sou pi gwo kantite (preponderans) prèv epi li bay asistans tribinal la detèmine ki apwopriye.

Jiridiksyon Tribinal Distrik yo

Tribinal Distri Ozetazini yo gen otorite pou deside sou aksyon yo pote selon Pati B IDEA a san yo pa konsidere kantite lajan ki nan diskisyon.

Règ Konstriksyon

Pa gen anyen nan Pati B IDEA ki mete restriksyon oswa limite dwa, pwosedè, ak rekou ki disponib anba Konstitisyon Ameriken an, Lwa 1990 sou Ameriken ki andikape yo, Tit V Lwa Reyabilitasyon 1973 (Seksyon 504), oswa lòt lwa federal ki pwoteje dwa timoun andikape yo, eksepte ke anvan yo depoze yon aksyon sivil dapre lwa sa yo k ap chèche asistans ki disponib tou dapre Pati B IDEA a, demach pwosedè jistis yo dekri pi wo a dwe fini nan menm limit ki nesèsè si Pati a te depoze aksyon an dapre Pati B IDEA a. Sa vle di ke ou kapab gen rekou ki disponib anba lòt lwa ki rekouvri sa ki disponib anba IDEA a, men an jeneral, pou jwenn asistans dapre lòt lwa sa yo, ou dwe dabò itilize rekou administratif ki disponib anba IDEA a (pa egzanp, odyans pwosedè jistis la; pwosesis rezolisyon, ki gen ladan reyinyon rezolisyon an, si yo pa rejte l; ak pwosedè odyans jistis san patipri) anvan ou ale dirèkteman nan tribinal la.

Plasman Timoun nan pandan Odyans sou Pwosedè Jistis la ankou

[34 CFR § 300.518; RCSA § 10-76h-17](#)

Eksepte jan sa prevwa pi ba a ak nan sèten sikonstans jan yo eksplike sa nan seksyon ki annapre yo sou disiplinè yon timoun ki gen yon andikap, lè yo mande yon odyans pwosedè jistis, pitit ou a dwe rete kote yo te plase timoun nan lè yo depoze demann pou odyans pwosedè jistis la avèk menm sèvis pitit ou a tap resevwa. Pitit ou a dwe rete nan pwogram sa a jiskaske pwoblèm nan rezoud amwens ke oumenm ak distri eskolè a dakò pou chanje pwogram lekòl la. Si yon ofisyè odyans dakò avèk ou ke yon chanjman nan pwogram lekòl pitit ou a apwopriye, lòd ofisyè odyans lan dwe egzekite, menm si yo te mande pou yon revizyon jidisyè (gade [Apèl](#)).

Si pitit ou a dwe antre nan lekòl leta pou premye fwa, pitit ou a, avèk konsantman w, dwe kapab ale lekòl jiskaske tout pwosedè yo fini epi yo dwe mete l nan pwogram regilye lekòl piblik la jiskaske tout pwosedè yo fini.

Si pitit ou a gen laj 3 zan epi li soti nan yon pwogram nesans rive twazan, distri eskolè a pa oblije bay pitit ou a sèvis nesans rive twazan li tap resevwa a.

Si yo jwenn pitit ou a elijib pou sèvis edikasyon espesyal epi w dakò pou pitit ou a resevwa sèvis pou premye fwa, distri eskolè a dwe bay sèvis ki pa nan konfli ant oumenm ak distri eskolè a.

Si distri eskolè a oswa ou menm mande pou yon odyans pwosedè jistis apre yo fin mete pitit ou a nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa (IAES) pou rezon disiplinè pa pou plis ke 45 jou lekòl pa distri eskolè a oswa pa yon ofisyè odyans ke yo dekri an plis detay anba seksyon [Sikonstans Espesyal, Plasman nan yon IAES](#), ak [Apèl: Odyans Pwosedè Jistis Akselere pou Pwosesis Disiplinè](#), pitit ou a dwe rete nan IAES jiskaske ofisyè odyans lan deside yon lòt jan oswa jiska lafen tan espesifye a (ki pa dwe plis pase 45 jou lekòl), kèlkeswa sa k vini an premye, sof si oumenm ak distri eskolè a dakò pou chanje pwogram lekòl la.

Si distri eskolè a vle chanje pwogram pitit ou a apre dat ki espesifye nan IAES a fini epi li mande pou yon odyans, pitit ou a tap retounen nan pwogram lekòl pitit ou a te ye a anvan yo te plase l nan IAES pandan odyans pwosedè jistis la.

Frè Avoka yo

[34 CFR § 300.517](#)

Jeneral

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi ki antreprann anba Pati B IDEA a, tribinal la, nan diskresyon li, ka bay frè rezonab avoka kòm yon pati nan depans pou ou; si ou genyen, si ka a deside an favè ou, swa an antye oswa an pati.

Nan nenpòt aksyon oswa pwosedi ki antreprann anba Pati B IDEA a, tribinal la, nan diskresyon li, ka bay lòd pou ou menm oswa avoka w la peye frè avoka rezonab kòm yon pati nan depans distri eskolè a oswa CSDE a (si CSDE a se yon pati nan ka a) si yo ranpòte ka a, si avoka w:

- depoze yon demann pou yon odyans oswa revizyon nan tribinal la ki pa nesèsè, ki san motif valab, oswa ki san baz apwopriye (fitil, derezonab oswa ki san fondman); oswa
- kontinye plede apre li fin klè ke pwoblèm nan pa nesèsè, san motif valab, oswa san yon baz apwopriye; oswa
- nan nenpòt aksyon oswa pwosedi ki antreprann anba Pati B IDEA a, tribinal la, nan diskresyon li, ka bay lòd pou avoka w la oswa ou menm pou peye frè rezonab avoka kòm yon pati nan depans yo bay distri eskolè a oswa CSDE a si demann ou pou yon odyans pwosedi jistis oswa pwosè a te fèt pou nenpòt rezon ki pa kòrèk, tankou pou anmède, pou lakòz reta initil, oswa pou ogmante pri odyans lan oswa revizyon tribinal la san nesèsite.

Alokasyon Onorè yo

Yon tribinal bay onorè rezonab avoka dapre sa ki annapre yo: kantite onorè avoka yo deside baze sou tarif ki koni nan zòn kote odyans lan oswa revizyon tribinal la te fèt la pou tip ak kalite sèvis yo bay yo. Okenn lòt mwayen siplemantè pa ka itilize pou kalkile onorè yo te òdone yo.

Yo pa ka òdone onorè avoka yo epi yo pa ka ranbouse w frè ki gen rapò ak nenpòt odyans oswa revizyon tribinal pou sèvis yo te bay apre moman yo fin fè w yon òf alekri pou rezoud pwoblèm nan si:

- òf la fèt nan delè règ federal pèmèt, oswa nan ka yon odyans, nenpòt moman ki plis pase 10 jou kalandriye anvan odyans lan kòmanse;
- òf la pa aksepte nan 10 jou kalandriye; epi
- tribinal la konstate ke reparasyon yo finalman akòde w la pa plis pase òf pou rezoud pwoblèm nan.

Yo ka bay yon òdonans pou ranbousman onorè avoka yo si w genyen ka w la, si w te gen bon rezon pou w pa aksepte òf distri eskolè a pou rezoud ka a, epi si desizyon final la pa t pi favorab pou ou.

Yo pa ka òdone alokasyon onorè avoka pou:

- nenpòt reyinyon PPT a amwens ke reyinyon PPT a fèt kòm rezilta yon odyans oswa yon revizyon tribinal;
- yon medyasyon (gade [Medyasyon](#)); oswa
- reyinyon rezolisyon an (gade [Reyinyon Rezolisyon](#)).

Tribinal la ka diminye onorè avoka yo chak fwa li jwenn ke:

- oumenm oswa avoka w pandan odyans lan oswa revizyon tribinal la te retade san rezon yon rezolisyon final konfli a;
- kantite lajan onorè avoka yo depase, san rezon valab, tarif pa lè ki koni nan zòn nan pou menm kalite sèvis avoka ki gen men konparezon nan konpetans, repitasyon, ak fòmasyon;
- tan ki pase ak sèvis legal yo te bay yo te eksepsyon lè nou konsidere tip odyans la oswa revizyon tribinal la; oswa
- avoka ki reprezante w la pa t bay distri eskolè a enfòmasyon ki nesèsè yo lè li te mande odyans lan lè li te soumèt plent pou pwosedi jistis la.

Sepandan, tribinal la pa ka diminye onorè avoka yo si tribinal la jwenn ke:

- distri eskolè a oswa leta a san rezon retade rezolisyon final odyans lan oswa revizyon tribinal la; oswa
- yo te vyole pwosedi pwoteksyon an anba Pati B IDEA a.

Pwosedi pou disipline timoun andikape yo

[34 CFR § 300.530](#)

Otorite Pèsonèl Lekòl la

Detèminasyon Ka pa Ka

Pèsonèl lekòl la ka konsidere nenpòt enkyetid espesyal (sikonstans inik) ka pa ka lè y ap detèmine si yon chanjman plasman, ki fèt dapre egzijans sa yo ki gen rapò ak disiplin, apwopriye pou yon timoun ki gen yon andikap ki vyole yon kòd konduit lekòl la.

Jeneral

Nan mezi ke yon distri eskolè pran aksyon sa yo tou pou timoun ki pa gen andikap, distri eskolè a ka retire yon timoun ki vyole yon règ lekòl la nan pwogram aktyèl la nan yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa (IAES), yon lòt anviwònman, oswa sispansyon, pa pou plis pase 10 jou lekòl konsekitif oswa pou plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl ak pou ranvwa adisyonèl pa pou plis pase 10 jou lekòl konsekitif nan menm ane lekòl la pou ensidan separe movèz konduit a kondisyon ranvwa yo pa lakòz yon chanjman nan plasman (gade [Chanjman nan plasman](#) anba a).

Yon distri eskolè oblije bay sèvis pou yon timoun ke yo te retire nan plasman li ye kounye a pou 10 jou lekòl oswa mwens nan menm ane lekòl la si distri eskolè a bay sèvis pou yon timoun ki pa gen andikap ke yo te retire menm jan an. Yon fwa yo retire yon timoun ki gen yon andikap nan plasman li ye kounye a pou yon total 10 jou lekòl nan menm ane lekòl la, distri eskolè a dwe, pandan nenpòt jou ki vin apre yo retire elèv la nan ane eskolè sa a, bay sèvis nan mezi yo mande pi ba a (gade [Sèvis Pandan Retrè](#), anba a).

Otorite Adisyonèl

Si konpòtman ki te vyole kòd konduit lekòl la pa t yon manifestasyon andikap timoun nan (gade [Detèminasyon Manifestasyon](#), anba a) epi chanjman disiplinè plasman an ta depase 10 jou lekòl konsekitif, pèsonèl lekòl la ka aplike pwosedi disiplinè yo pou timoun sa a ki gen yon andikap nan menm fason ak pou menm dire ke li ta pou timoun ki pa gen andikap, sof ke lekòl la dwe bay timoun sa a sèvis (jan sa dekri anba a nan [Sèvis pandan Retrè](#)). PPT timoun nan detèmine IAES a pou sèvis sa yo.

Chanjman nan plasman akòz ranvwa disiplinè

[34 CFR § 300.530](#), [34 CFR § 300.536](#)

Yon chanjman nan plasman rive si:

- retrè a se pou plis pase 10 jou lekòl konsekitif; oswa
- retrè yo fè yon chema paske:
 - retrè yo totalize plis pase 10 jou lekòl nan yon ane lekòl;
 - konpòtman timoun nan sanble anpil ak konpòtman timoun nan diran ensidan anvan yo ki te lakòz lòt retrè; epi
 - lòt faktè tankou dire chak retrè, kantite tan total timoun nan te ranvwaye ak pwoksimate nan tan ranvwa yo youn parapò ak lòt.

Distri eskolè a dwe detèmine ka pa ka si yon chema ranvwa se yon chanjman plasman.

Sèvis Pandan Retrè

Aprè yo te retire yon timoun nan pwogram lekòl li pandan 10 jou lekòl nan menm ane lekòl la epi retrè aktyèl la pa pou plis ke 10 jou lekòl konsekitif epi li pa yon chanjman plasman, pèsònèl lekòl la ansanm ak omwen youn nan pwofesè timoun nan dwe detèmine nan ki nivo sèvis yo bezwen pou pèmèt timoun nan kontinye nan kou edikasyon jeneral la, byenke nan yon lòt anviwònman, epi pou l pwogrese pou l atenn objektif IEP a. Elèv la dwe resevwa, nan ka apwopriye, yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman (FBA) ak sèvis entèvansyon konpòtmantal ak modifikasyon ki fèt pou adrese vyolasyon konpòtman an pou li pa repwodui ankò.

Si retrè a se yon chanjman plasman, PPT timoun nan ap detèmine sèvis ki apwopriye yo pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke nan yon lòt anviwònman (ki ka yon anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa), epi pou l pwogrese poul atenn objektif ki tabli nan IEP timoun nan.

Yon timoun ki gen yon andikap ke yo retire nan plasman aktyèl timoun nan pou plis pase 10 jou lekòl epi konpòtman timoun nan se pa yon manifestasyon andikap timoun nan (gade [Detèminasyon Manifestasyon](#) anba a) oswa yo retire li nan sikonstans espesyal (gade [Sikonstans Espesyal, Plasman nan yon IAES](#), pwochen paj) dwe:

1. Kontinye resevwa sèvis edikatif (gen yon edikasyon piblik apwopriye ki disponib) yon fason pou pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, byenke nan yon lòt anviwònman (ki kapab yon Anviwònman Edikasyon Altènatif Pwovizwa), epi pou l pwogrese pou l atenn objektif ki tabli nan IEP timoun nan.
2. Resevwa, nan ka apwopriye, yon evalyasyon fonksyonèl konpòtman ak sèvis entèvansyon konpòtmantal ak modifikasyon, ki fèt pou adrese vyolasyon konpòtman an pou li pa repwodui ankò.

Detèminasyon Manifestasyon

Nan 10 jou lekòl apre nenpòt desizyon pou chanje plasman yon timoun pou plis pase 10 jou lekòl paske timoun nan te vyole yon règ lekòl la, distri eskolè a ak paran an ak manm ki konsène nan PPT a (paran an ak distri eskolè a ap detèmine) dwe revize tout enfòmasyon ki enpòtan nan dosye lekòl timoun nan, tankou IEP a, obsèvasyon pwofesè yo ak nenpòt enfòmasyon enpòtan paran an bay pou detèmine si konpòtman an kesyon an te:

- te okazyone pa oswa te dirèkteman oswa nan yon laj mezi lye ak andikap timoun nan; oswa
- rezilta dirèk distri eskolè a paske l pa aplike IEP a.

Si distri eskolè a ak paran an ak manm ki konsène nan PPT a detèmine ke youn nan sa ki anwo yo aplike pou timoun nan, yo pral detèmine konpòtman an kesyon an se yon manifestasyon andikap timoun nan. Desizyon sa a yo konnen l kòm detèminasyon manifestasyon an.

Konpòtman an se te yon manifestasyon andikap timoun nan

Si distri eskolè a ak paran an ak manm ki konsène nan PPT a detèmine ke konpòtman an kesyon an te yon rezilta dirèk de echèk lekòl la pou aplike IEP a, distri eskolè a dwe pran mezi imedyat pou remedye mankman yo.

Si distri eskolè a ak paran an ak manm ki konsène nan PPT yo decide konpòtman an kesyon an se te yon manifestasyon andikap timoun nan, PPT a dwe fè sa ki annapre yo kòm apwopriye pou sikonstans ki prezante yo:

1. Si distri eskolè a pa t deja fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl (FBA) anvan konpòtman an kesyon an te rive, fè yon FBA epi mete an aplikasyon yon plan entèvansyon konpòtman (BIP) (yon plan pou amelyore konpòtman timoun nan yon fason pou konpòtman ki te lakòz chanjman nan pwogram timoun nan pa pwodui ankò).
2. Si yon BIP deja an plas, PPT a pral revize BIP a epi modifiye l si sa nesèsè pou trete konpòtman an nan kesyon an.
3. Eksepte jan sa endike nan seksyon IAES ki pi ba a, distri eskolè a dwe retounen timoun nan nan pwogram timoun nan te ye anvan yo te retire l la a mwens ke distri eskolè a ak paran an dakò pou yon chanjman nan plasman timoun nan kòm yon pati nan BIP revize a.

Notifikasyon

Nan dat yo te pran desizyon an pou yon retrè ki ta yon chanjman nan plasman, distri eskolè a dwe enfòme paran an sou desizyon sa a epi bay paran an yon kopi "Avi sou Pwosedi Pwoteksyon obligatwa a dapre IDEA Pati B."

Sikonstans Espesyal yo, Plasman nan IAES

Yon distri eskolè kapab mete yon timoun nan yon IAES pou maksimòm 45 jou lekòl san yo pa konsidere detèminasyon manifestasyon an nan ka kote yon timoun:

- pote yon zam nan lekòl oswa gen yon zam nan lekòl la, sou lakou lekòl la oswa pandan yon aktivite nan lekòl la;
- delibereman gen oswa itilize dwòg ilegal, oswa vann oswa eseye achte yon sibstans kontwole pandan li nan lekòl la, sou lakou lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la; oswa
- te lakòz blesi kòporèl grav sou yon lòt moun pandan l te nan lekòl la, nan lakou lekòl la oswa nan yon aktivite lekòl la.

Lè distri eskolè a mande yon timoun nan yon IAES pou maksimòm 45 jou lekòl, distri eskolè a dwe fè yon reyinyon PPT pou detèmine IAES a.

Definisyon

Sibstans kontwole vle di yon dwòg oswa yon lòt sibstans ki idantifye nan pwogram I, II, III, IV, oswa V nan seksyon 202(c) Lwa sou Sibstans Kontwole yo (21 USC 812c).

Dwòg ilegal vle di yon sibstans kontwole; men li pa enkli yon sibstans kontwole ki posede oswa itilize legalman anba sipèvizyon yon pwofesyonèl swen lasante ki gen lisans oswa ki posede oswa itilize legalman anba nenpòt lòt otorite dapre Lwa sa a oswa dapre nenpòt lòt dispozisyon lwa federal.

Blesi kòporèl grav gen siyifikasyon yo bay tèm "blesi kòporèl grav" anba paragraf (3) souseksyon (h) seksyon 1365 tit 18, Kòd Etazini.

Zam gen siyifikasyon yo bay tèm "zam danjere" anba paragraf (2) premye sou-seksyon (g) seksyon 1365 tit 18, Kòd Etazini.

Apèl: Odyans Pwosedi Jistis Akselere pou Pwosesis Disiplinè yo

[34 CFR § 300.532](#); [RCSA § 10-76h](#)

Jeneral

Ou gendwa depoze yon plent pwosedi jistis pou mande yon odyans pwosedi jistis si w pa dakò ak:

- nenpòt desizyon konsènan plasman yo pran dapre dispozisyon disiplinè sa yo; oswa
- detèminasyon manifestasyon ki dekri pi wo a.

Distri eskolè a gendwa depoze yon plent pwosedi jistis pou mande yon odyans pwosedi jistis si li kwè ke kenbe plasman aktyèl pitit ou a gen anpil chans pou l lakòz pitit ou a oswa lòt moun blese. RCSA § 10-76h

Otorite Ofisye Odyans lan

Yon ofisye odyans ki satisfè egzijans ofisye odyans san patipri yo ki dekri anba tit [Pwosesis pou Pwosedi Jistis](#) la dwe kodui odyans pwosedi jistis la epi pran yon desizyon. Ofisye odyans lan kapab:

- retounen pitit ou ki gen yon andikap nan plasman kote yo te retire pitit ou a si ofisye odyans lan detèmine ke retrè a se te yon vyolasyon kondisyon ki dekri anba seksyon ki pi wo a Otorite Pèsonèl Lekòl la, oswa ke konpòtman pitit ou a se te yon manifestasyon andikap pitit ou a; oswa
- òdone yon chanjman nan plasman pitit ou a ki andikape a nan yon IAES apwopriye pou yon dire maksimòm 45 jou lekòl si ofisye odyans lan detèmine ke kenbe plasman aktyèl pitit ou a gen anpil chans pou lakòz pitit ou a oswa lòt moun blese.

Pwosedi odyans sa yo ka repete, si distri eskolè a kwè ke retounen pitit ou a nan plasman orijinal la gen anpil chans pou lakòz pitit ou a oswa lòt moun blese.

Chak fwa ou menm oswa yon distri eskolè depoze yon plent pou yon pwosedi jistis pou mande yon odyans konsa, yo dwe fèt yon odyans ki satisfè egzijans ki dekri anba tit [Pwosesis Pwosedi Jistis, Ranpli pou yon Odyans Pwosedi Jistis](#), sof nan ka ki vin aprè yo:

1. CSDE a dwe fè aranjman pou yon odyans akselere pwosedi jistis, ki dwe fèt nan espas 20 jou lekòl apre dat yo mande odyans lan epi li dwe bay yon desizyon nan 10 jou lekòl apre odyans lan.
2. Sòf si ou menm ak distri eskolè a dakò alekri pou renonse a reyinyon an oswa dakò pou sèvi ak medyasyon, yon reyinyon rezolisyon dwe fèt nan sèt jou kalandriye apre yo resevwa avi sou plent pou pwosedi jistis la. Odyans lan ka kontinye sòf si pwoblèm nan te rezoud e tou de pati yo te satisfè nan 15 jou kalandriye apre yo resevwa plent pou pwosedi jistis la.

CSDE a pral fè aranjman pou yon odyans rapid lè yo mande yon odyans fason sa a:

- distri eskolè a panse ke kenbe pitit ou a nan pwogram eskolè aktyèl la gen anpil chans pou lakòz pitit ou a oswa lòt moun blese epi distri eskolè a vle mete pitit ou a nan yon anviwònman edikatif altènatif pwovizwa (IAES) pa pou plis pase 45 jou lekòl;
- yo plase pitit ou a nan yon IAES epi distri eskolè a vle chanje pwogram lekòl pitit ou a nan fen IAES paske distri eskolè a kwè se yon danje pou pitit ou a oswa lòt moun pou pitit ou a nan pwogram lekòl li te ye an anvan yo te plase l nan IAES a epi distri eskolè a mande pou yon odyans rapid. Pwosedi odyans sa a kapab repete;
- ou konteste yon swadizan chanjman nan plasman an epi ou kwè yo te ekskli pitit ou a lekòl la pou plis pase 10 jou afile oswa pou plis pase 10 jou nan yon ane lekòl san distri eskolè a pat swiv etap apwopriye yo;
- ou pa dakò ak distri eskolè a pou mete pitit ou a nan yon IAES pou yon vyolasyon kòd konduit distri eskolè a konsènan zam, dwòg oswa danje; oubyen
- ou pa dakò ak detèminasyon manifestasyon an.

Sou yon demann pou yon odyans ki gen rapò ak nenpòt nan kesyon ki endike nan seksyon sa a, odyans lan ap fèt nan espas 20 jou lekòl apre dat yo te depoze demann odyans lan epi li dwe abouti a yon desizyon nan 10 jou lekòl apre odyans lan.

Chak pati nan yon odyans:

- gen dwa pou anpeche nenpòt prèv yo prezante nan odyans lan ke yo pa t bay lòt pati a omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan; epi
- dwe bay tout lòt pati yo tout evalyasyon yo konplè ak rekòmandasyon ki nan evalyasyon yo ke pati a vle itilize nan odyans lan omwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan.

Pwoteksyon pou Timoun ki Poko Elijib pou Edikasyon Espesyal ak Sèvis ki Asosye avèk yo

[34 CFR § 300.534](#)

Jeneral

Si pitit ou a yo pat detèmine li elijib pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa vyole yon kòd konduit elèv, men distri lekòl la te konnen (jan sa detèmine pi ba a) anvan konpòtman an ki te lakòz aksyon disiplinè a te fèt ke pitit ou a te yon timoun ak yon andikap, lè sa a pitit ou a ka fè reklamasyon nenpòt nan pwoteksyon ki dekri nan avi sa a.

Baz Konesans pou Kesyon Disiplinè

Y ap konsidere yon distri eskolè konnen pitit ou a se yon timoun andikape si, anvan konpòtman ki te lakòz aksyon disiplinè a te fèt:

- ou te eksprime enkyetid ou alekri bay pèsonèl sipèvizyon oswa administratif nan ajans edikatif apwopriye a oswa bay pwofesè pitit ou a ke pitit ou a bezwen edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò sa;
- ou te mande yon evalyasyon ki gen rapò ak kalifikasyon pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa nan pati B IDEA a; oswa
- pwofesè pitit ou a oswa lòt pèsonèl distri eskolè a te eksprime enkyetid espesifik yo konsènan yon modèl konpòtman pitit ou demontre dirèkteman bay direktè edikasyon espesyal distri eskolè a oswa bay lòt pèsonèl sipèvizyon distri eskolè a.

Eksepsyon

Yo pa konsidere yon distri eskolè gen konesans sa yo si:

- ou pa otorize yon evalyasyon pitit ou oswa ou refize sèvis edikasyon espesyal yo; oswa
- yo evalye pitit ou a epi yo detèmine li pa yon timoun andikape dapre Pati B IDEA a.

Kondisyon ki Aplike si Pa gen yon Baz Konesans

Si anvan yo pran mezi disiplinè kont pitit ou a, yon distri eskolè pa konnen pitit ou a se yon timoun andikape jan sa dekri pi wo a anba soutit [Baz Konesans pou Kesyon Disiplinè](#) ak [Eksepsyon](#), pitit ou a ka sibi mezi disiplinè yo ki aplike pou timoun ki pa gen andikap ki adopte konpòtman ki konparab.

Sepandan, si yo fè yon demann pou yon evalyasyon pitit ou a pandan peryòd tan kote pitit ou a sibi mezi disiplinè, evalyasyon an dwe fèt fason rapid.

Jiskaske evalyasyon an fini, pitit ou ap rete nan plasman edikatif otorite lekòl yo te detèmine a, sa ki ka enkli sispansyon oswa ekspilsyon san sèvis edikasyon.

Si yo detèmine ke pitit ou a se yon timoun ki gen yon andikap, lè yo konsidere enfòmasyon ki soti nan evalyasyon distri eskolè a fè ak enfòmasyon ou bay, distri eskolè a dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò sa konfòmman ak pati B IDEA a, ajoute ak egzijans disiplinè ki dekri pi wo a.

Referans ak Aksyon pa Fòs de Lòd ak Otorite Jidisyè

[34 CFR § 300.535](#)

Pati B IDEA a pa:

- entèdi yon ajans rapòte yon krim yon timoun andikape komèt bay otorite ki apwopriye yo; oswa
- anpeche fòs de lòd ak otorite jidisyè leta yo egzèse responsablite yo anrapò ak aplikasyon lwa federal ak lwa leta a nan krim yon timoun andikape komèt.

Transmisyon Dosye yo

Si yon distri eskolè rapòte yon krim yon timoun ki andikape komèt, distri eskolè a:

- dwe asire l ke kopi edikasyon espesyal timoun nan ak dosye disiplinè yo transmèt pou konsiderasyon pa otorite yo ke ajans lan rapòte krim lan; epi
- ka transmèt kopi edikasyon espesyal ak dosye disiplinè timoun nan sèlman nan limit FERPA pèmèt.

Egzijans yo pou Plasman Inilateral Paran Timoun lan nan Lekòl Prive yo

[34 CFR § 300.148](#)

Jeneral

Pati B IDEA a pa egzije yon distri eskolè pou peye pou depans edikasyon, ki gen ladan edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò sa pou pitit ou a ki andikape nan yon lekòl oswa yon etablisman prive si distri eskolè a te mete FAPE disponib pou pitit ou a e ou chwazi mete timoun lan nan yon lekòl oswa yon etablisman prive. Sepandan, distri eskolè kote lekòl prive a ye a dwe mete pitit ou a nan popilasyon ki gen bezwen yo kouvri dapre dispozisyon Pati B yo konsènan timoun paran yo mete nan yon lekòl prive dapre [34 CFR § 300.131 jiska 300.144](#).

Ranbousman pou Plasman nan Lekòl Prive

Si pitit ou a te deja resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye ak sa anba otorite yon distri lekòl epi ou chwazi enskri pitit ou a nan yon lekòl matènèl, lekòl primè, oswa lekòl segondè prive san konsantman oswa referans distri eskolè a, yon tribinal oswa yon ofisye odyans ka mande distri eskolè a pou l ranbouse w pou depans pou enskripsyon sa a si li deside ke:

1. Distri eskolè a pa t mete disponib yon FAPE ki kapab satisfè bezwen edikatif pitit ou a alè anvan ou te enskri pitit ou a nan lekòl prive a.
2. Pwogram lekòl prive pou pitit ou a satisfè bezwen edikatif pitit ou a (plasman nan lekòl prive a apwopriye).

Yon ofisye odyans oswa yon tribinal ka twouve pwogram lekòl prive a pwopoze pitit ou a se yon pwogram ki apwopriye pou pitit ou a menm si lekòl prive a pa satisfè nòm leta a ki aplike nan edikasyon distri eskolè a bay.

Limitasyon sou ranbousman

Yo ka refize oswa redwi ranbousman depans pou lekòl prive a:

- si nan dènye reyinyon PPT ou te asiste anvan ou te fè pitit ou a soti nan lekòl piblik yo, ou pa t:
 - di PPT a w pa vle plasman distri eskolè a ofri a;
 - deklare enkyetid ou yo konsènan plasman distri eskolè a ofri a; epi
 - endike entansyon w pou w enskri pitit ou a nan yon lekòl prive sou depans piblik; oswa
- si omwen 10 jou ouvrab (ki gen ladan nenpòt jou ferye ki tonbe nan yon jou ouvrab yo) anvan ou te retire pitit ou a nan lekòl piblik la, ou pa t:
 - bay distri eskolè a yon avi alekri ke w pa vle plasman distri eskolè a ofri a;
 - deklare enkyetid ou yo konsènan plasman distri eskolè a ofri a; epi
 - endike entansyon w pou w enskri pitit ou a nan yon lekòl prive sou depans piblik; oswa
- si anvan ou te retire pitit ou a nan lekòl piblik la, distri eskolè a te enfòme w alekri sou entansyon li pou evalye pitit ou a, li te bay objektif evalyasyon an, epi ou pa t mete pitit ou a disponib pou evalyasyon; oswa
- lè yon tribinal deside ke ou pa t aji yon fason rezonab.

Ranbousman depans pou plasman inilateral la:

- yo pa dwe redwi oswa refize paske paran an pa t di lekòl la paske:
 - distri eskolè a te anpeche w bay yon avi jan sa endike anwo a;
 - ou pa t resevwa avi nan men distri eskolè a ke ou te oblije di distri eskolè a, jan sa te note pi wo a, anvan ou mete pitit ou a nan lekòl prive a si ou te vle fè distri eskolè a retounen depans lekòl prive a; oswa
 - w dwe di PPT a, jan yo note pi wo a, ta gen anpil chans pou sa lakòz domaj fizik pou timoun nan; epi
- kapab, nan konklizyon ofisye odyans lan oswa tribinal la, yo pa redui oswa refize paske ou pa t di distri eskolè a akòz ou pa kapab li ak ekri nan lang angle; oswa si w oblije di PPT a, jan sa endike pi wo a, sa ka lakòz pwobableman yon gwo domaj emosyonèl pou pitit ou a.



CSDE

CONNECTICUT STATE
DEPARTMENT OF EDUCATION